

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Udagan tina ieu panalungtikan nyaéta analisis struktur jeung étnopédagogik dina kasenian hadro nu aya di Désa Bojong, Kacamatan Bungbulang, Kabupatén Garut. Hasil laporan panalungtikanna dijadikeun *alternatif* bahan ajar, dina pangajaran maca artikel seni budaya Sunda di SMP.

Pikeun medar struktur kasenianna, ieu panalungtikan ngagunaken tiori Djelantik (1999, kc. 37) struktur atawa susunan tina hiji kasenian nyaéta hal anu disusun tina aspék-aspék nu ngawengku sakabéh hal tina éta karya, jeung ngawengku bagéan masing-masing tina sakabéh hal. Struktur miboga harti yén dina karya seni miboga susunan organisasi, ngararancang, jeung hubungan nu tangtu dina bagian-bagian nu disusunna. Sedengkeun tiori anu digunakeun pikeun medar ajén étnopédagogik nyaéta tiori Suryalaga (2003, kc. 07) nu mangrupa Catur Diri Insani, nu ngawengku a) pengkuh agamana (*spiritual quotient*), b) luhur élmuna (*intelektual quotient*), c) jembar budayana (*emotional quotient*), sarta d) rancagé gawéna (*actional quotient*). Ka dua tiori Warnaén, spk, (1987, kc. 8) ngeunaan Sawangan Hirup Urang Sunda, nu ngawengku, a) sawangan hirup manusa ka pribadi, b) sawangan hirup manusa jeung lingkungan masarakat, c) sawangan hirup manusa jeung alam, d) sawangan hirup ngeunaan manusa jeung Pangéran, e) sawangan hirup manusa dina ngahontal kasugemaan lahir jeung ngahontal kasugemaan batin. Pamungkas tiori nu digunakeun pikeun medar ajén étnopédagogik nyaéta tiori Sudaryat (2015, kc. 127-128) ngeunaan Gapura Panca Waluya, nu ngawengku a) cageur, b) bageur, c) bener, d) pinter, jeung e) singer.

Tina hasil analisis, kapaluruh yén kasenian hadro téh ayana di Désa Bojong taun 1907 anu diadegkeun ku Kiyai Ahmad Sayuti. Tujuanna pikeun ngirut masarakat supaya leuwih neuleuman agama Islam ku cara milu masantrén. Kasenian hadro mangrupa alat pikeun média da'wah anu kawilang épéktip tur bisa ngarobah kabiasaan-kabiasaan masarakat supaya leuwih kairut diajar agama Islam. Tur dina lagu-lagu anu didawamkeunna kapaluruh yén aya lagu anu wangunna pupuh jeung lagu anu wangunna pupujian.

Try Permadi, 2018

KASENIAN HADRO DI DÉSA BOJONG KACAMATAN BUNGBULANG KABUPATÉN GARUT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL SENI BUDAYA SUNDA DI SMP : ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPIÉDAGOGIK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Struktur pagelaran dina kasenian hadro nu kapaluruh téh, nyaéta saméméh pagelaran hadro sok aya kagiatan tapakur ka Pangéran ku cara tirakat, anu tujuanna supaya dijauhkeun tina sipat-sipat anu teu hadé. Satuluyna para pamaén hadro nyiapkeun waditra tur mariksa, ti mimiti tilingtit, kempring, kompéang, bangsimg, bajidor, tarompét jeung goong. Supaya dina pas prakna méntas teu ngaganggu. Sabab lamun aya waditra anu ruksak atawa kudu dioméan pas prungna dipaké bakal barabé.

Prakna méntas dimimitian ku pamapag ti aparat désa, sabada pamapag laju para pamaén hadro nyiapkeun waditra anu geus dirarawat, tuluy pupuhu kasenian hadro ngatur pamaén dina posisi anu merenah. Satuluyna dimimitian ku bubuka maké rumpaka lagu tur dituluykeun kana rumpaka karya Kiyai Ahmad Sayuti. Sajaba ti ngalagu, aya ogé anu ngibing, éta ibing téh disebut ibing hadro. Ieu ibing saluyu jeung rumpaka lagu karya Kiyai Ahmad Sayuti, nyéta gerakanna béda-béda dumasar lalaguanna. Ahir pintonanna ditutup anu gumantung kana sakumaha apalna rumpaka lagu. Sabab kabéhdieunakeun jarang aya anu apaleun lagu hadro ciptaan Kiyai Ahmad Sayuti.

Salian ti struktur, anu dianalisis dina ieu panalungtikan téh nyaéta ajén étnopédagogik. Dina ieu panalungtikan, ajén étnopédagogik kapaluruh yén dina Catur Diri Insani, ayana kasenian hadro mangaruhan kana kayakinan masarajat ka pangéran yén éta mangrupa tanda kasenian hadro méré ajén ka masarakat dina pengkuh agamana nu dijéntrékeun dina tujuan diadeggeunna kasenian hadro pikeun média da'wah, tur nu satuluyna patali jeung luhur élmunu nu ditandaan ku ayana Kiyai Ahmad sayuti, jembar budayana nu ditandaan ayana ragem budaya di Désa Bojong, tur rancagé gawéna nu ditandaan ku siloka dina waditra kasenian hadro nu umajak digawé gotong royong jeung sumanget. Nu satuluyna diguar ngeunaan ngawengku sawangan hirup urang Sunda ngagunakeun tiori Warnaen (1987, kc. 8) nu ngawengku 1) sawangan hirup manusa ka pribadi, 2) sawangan hirup manusa jeung lingkungan masarakat, 3) sawangan hirup manusa jeung alam, 4) sawangan hirup manusa jeung Pangéran, 5a) sawangan hirup manusa dina ngahontal kasugemaan lahir, 5b) sawangan hirup manusa dina ngahontal kasugemaan batin. Tur dibeungkeut ku tiori Sudaryat (2015, kc. 127-128)

Try Permadi, 2018

KASENIAN HADRO DI DÉSA BOJONG KACAMATAN BUNGBULANG KABUPATEN GARUT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL SENI BUDAYA SUNDA DI SMP : ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPEĐAGOGIK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ngeunaan Gapura Panca Waluya, nu ngawengku a) cageur, b) bageur, c) bener, d) pinter, jeung e) singer, anu aya dina sipat-sipat urang Bojong tina hasil analisisna.

Patali jeung bahan pangajaran, dumasar kana Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar (KIKD), hasil panalungtikan kasenian hadro téh bakal dijadikeun *alternatif* bahan ajar keur ngarojong prosés lumangsungna pangajaran artikel seni budaya Sunda di SMP/MTs kelas VIII. Ieu kasenian téh bisa dijadikeun bahan pangajaran lantaran miboga ajén-inajén anu luhung pikeun kaweruh barudak, tur saluyu jeung kritéria milih bahan ajar nu dijéntrékeun ku Nasution (dina Haérudin jeung Kardana, 2013, kc. 77) 1) tujuan nu rék dihontal, 2) dianggap mibanda ajén keur kahirupan manusa, 3) mibanda ajén minangka warisan entragan saméméhna, 4) aya gunana pikeun ngawasa paélmuan, 5) luyu jeung pangabutuh katut minat siswa.

. Lian ti éta, ieu kasenian téh mangrupa budaya urang Sunda anu pelu dipikawanoh tur dijaga.

5.2. Saran

Saran mangrupa salahsahiji aspék penting pikeun ngadeudeulan kakurangan panalungtik. Hasil ieu panalungtikan tangtu masih kénéh loba kakurangan. Ku kituna dipiharep keur panalungtikan satuluyna bisa medar jeung ngaguar sagala rupa anu aya dina kasenian hadro, tur dipiharep tina ieu hasil panalungtikan bisa mangpaat.

Pikeun guru, hasil tina ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun *alternatif* bahan pangajaran maca artikel seni budaya Sunda, hususna di SMP kelas VIII.

Pikeun masarakat dipiharep bisa resep tur ngajaga kasenian nu aya di tatar Sunda, hususna pikeun masarakat Bojong salaku generasi penerusna, umumna pikeun sakumna masarakat.

Pikeun siswa salaku sirung bangsa, kudu wanoh kana budaya nu aya di tatar Sunda diantaranya kasenian hadro nu mangrupa kasenian has Désa Bojong, Kacamatan Bungnulang, Kabupatén Garut.